



Pou Piblikasyon Imedya: 28/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN PWOJÈ REZILYANS KONT
INONDASYON KI KOUTE 14 MILYON DOLA NAN VIL NEWFANE, KONTE
NIAGARA**

Miray Pwoteksyon ak waf olaj zòn kot yo pral gen modifikasyon enstale pou diminye enpak move tan ekstrèm yo sou kanal navigasyon Olcott Harbour a epi amelyore sekirite pechè.

Yo te chwazi pwojè a nan kad Inisyativ Rezistans ak Devlopman Ekonomik Eta a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a achèvmann yon pwojè rezilyans ki koute 14 milyon dola yo te akòde nan vil Newfane, Konte Niagara, atravè [Inisyativ Rezilyans ak Devlopman Ekonomik](#) (Resiliency and Economic Development Initiative, REDI) Eta a. Pò Olcott se yon pò lwazi enpòtan ki chita kò li sou rivaj sid Lak Ontario. Zòn pò a gen ladan Marina Vil Newfane lan, Olcott Yacht Club, Konpayi Hedley Boat, McDonough Marine, ak plizyè kay prive. Nan ane 2017 ak 2019, antre pò a te depase pa inondasyon, vag van an pote yo, ak depo sediman nan kanal navigasyon an. Nivo dlo ki wo, ajitasyon vag, ak nouvo depo dlo vidany te anpeche azil san danje ak navigasyon gwo bato ak ti bato lwazi yo.

"Chanjman klimatik se yon reyalite nou pa ka oze inyore e New York ap abòde defi a tèt pou tèt. Nan kad efò sa yo, n ap travay pou rekonstwi, re-imagine ak pwoteje kominote litoral yo ki te devaste pa gwo dlo 2019 yo", **Gouvènè Kathy Hochul te deklare.** "Avèk investisman nan enfrastruktir estratejik yo, epi atravè patenarya nou ak gouvènman lokal yo, nou ap wè pwojè mitigasyon inondasyon yo t ap tann depi lontan, tankou pwojè miray pwoteksyon nan Vil Newfane, ki rive reyalize. Pwojè sa a ki fini an se yon temwayaj sou gwo eksplwa ki ka akonpli lè ak gouvènman eta ak lokal yo travay ansanm."

Atravè patenarya ak Eta New York, ak sipò investisman REDI yo, vil Newfane te kapab akonpli pwojè konstriksyon miray pwoteksyon olaj zòn kot epi modifiye waf lès ak lwès yo yon fason sinifikatif, sa k ap diminye enpak negatif kondisyon move tan yo sou antre pò a, pa konsekan k ap pwoteje moun ki sou bato yo, biznis lokal yo, ak pwopriyete piblik/prive ki jwe yon wòl enpòtan nan ekonomi lokal la ki baze sou lwazi/lapèch espò. Anplis de sa, paske waf Olcott yo ak anbouchi Eighteenmile Creek yo se pami kote ki pi popilè nan Eta New York pou lapèch espò pou pechè yo - anpil ladan yo san bato - epi modifikasyon waf yo fèt espesyalman pou amelyore sekirite pechè yo epi atire pwason.

Mezi rezistans yo te aplike nan kad pwojè a gen ladan enstalasyon yon dig oval ki fèt ak pil dekonm bò rivaj ki gen yon longè anviwon 350 pye, ak agrandisman debakadè sou kote lès ak lwès pou redui aksyon vag yo ak depo dlo vidany nan bouch ak anndan kanal navigasyon Pò Olcott la, anpeche inondasyon ak dega sou bò rivaj la, epi rann navigasyon an pi fasil pou peryòd tan ki pi long pandan tout ane a.

Gouvènè Hochul te anonse jodi a ke yo pral antreprann dragaj nan Olcott Harbor nan kad Pwojè Dragaj Rejyonal (Regional Dredging Project) REDI Eta a ki koute 15 milyon dola a. Dragaj la, ki pral fèt an amon nan pwojè Miray Pwoteksyon vil Newfane a, pral retire akimilasyon sediman nan fon vwa navigab la pou pèmèt yon pò ki san danje ak pasaj bato kontinyèl Flòt dragaj la gen ladan yon ekskavatis idwolik ki ekipe ak GPS apati yon baj, sa k ap retire apeprè 1,600 yad kibik. Yo pral chaje sediman yo retire yo nan kamyon pou sechaj ak estokaj tanporè nan marina a. Apre sechaj la, yo pral transpòte sediman an nan yon etablisman Vil Newfane posede pou yo pou itilize pita.

Jiska jodi a, Eta a reyalize 14 pwojè dragaj REDI ak retire anviwon 61,000 yad kibik sediman pou l bay kanotye rekreyatif aksè sekirize nan Lake Ontario ak St. Lawrence River. Pwojè dragaj ki fini yo gen ladan Port Bay, Blind Sodus Bay, East Bay, Bear Creek ak Pultneyville nan Konte Wayne, Sandy Pond Inlet ak Salmon River/Port Ontario nan Konte Oswego, Irondequoit Bay, Braddock Bay, ak Sandy Creek nan Konte Monroe, Little Sodus Bay nan Konte Cayuga County, Golden Hill State Park nan Konte Niagara, Oak Orchard nan Konte Orleans ak Henderson "The Cut" nan Konte Jefferson. Tout aktivite dragaj yo depann de kondisyon tanperati ak kondisyon dlo favorab yo.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la ak Ko-Prezidan Komisyon REDI a, Basil Seggos, te deklare, "Ak sipò san fay ki soti nan men Gouvènè Hochul, Inisyativ pou Rezistans ak Devlopman Ekonomik (Resiliency and Economic Development Initiative, REDI) ap travay an kolaborasyon ak kominote ki gen tandans sibi inondasyon tankou vil Newfane pou reimajine enfrastrikti nou yo ak rekonstwi byen kominotè yo. Pwojè Olcott Harbour Breakwater a pral ankouraje kwasans ekonomik nan kominote sa a pandan y ap amelyore kalite lavi pou rezidan k ap viv sou litoral la."

Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare, "Navigasyon ak lapèch lwazi enpòtan anpil pou ekonomi touris lokal la ak pou kalite lavi nan kominote Lake Ontario yo. Travay Vil Newfane pou pwoteje Olcott Harbor pral rann destinasyon popilè Lake Ontario sa a vin pi an sekirite epi pi agreyab pou rezidan yo ak pou vizitè yo".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Dòtwa nan Eta New York la, Reuben McDaniel III, te deklare, "DASNY fyè pou li sipòte vizyon Gouvènè Hochul dèske li pwoteje kominote yo ak resous vital yo tankou Olcott Harbor kont move tan sinifikatif. Pò a se yon sit inik e enpòtan pou rezidan Vil Newfane yo, pou biznis Konte Niagara yo, ak pou vizitè yo ki soti toupatou nan New York ak odela, kounye a ak pou lavni."

Roslyn Watrobski, Komisè Egzekitif Adjwen pa Enterim Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services) Eta New York la, te deklare, "Finisman pwojè REDI yo nan kominote yo atravè Lake Ontario ak rejyon St. Lawrence River se yon bagay Eta New York ak patnè gouvènman lokal nou yo kapab fyè pou akonpli. Travay enpòtan anpil sa a pral benefisyè ekonomi an, pwoteje anviwònman nou an, epi bay pwoteksyon kont inondasyon alavni."

Senatè Robert Ortt te deklare, "Moun k ap viv ak travay alantou Olcott Harbour yo abitye ak domaj ak destriksyon gwo dlo Lake Ontario yo ka lakòz. Depi 2019, rezidan lokal yo ak ofisyèl gouvènman yo te travay ak Eta New York ak Komisyon REDI a pou asire ke yo mete an plas mezi sekirite ak mezi mitigasyon pou anpeche menm kantite domaj ke nou te konstate nan istwa resan an. Mwen kontan anpil pou m wè finisman pwojè sa a ki nesèsè anpil epi mwen bat bravo pou tout moun ki te enplike yo ki te ede fè sa vin yon reyalite."

Manm Asanble Michael Norris te deklare, "Mwen fyè paske mwen te travay ak Gouvènè Hochul ak Komisyon Inisyativ Rezistans ak Devlopman Ekonomik Lak Ontario a pou livre pwojè enfrastrikti enpòtan ak finansman kle ki pral refòtifè litoral nou an pou pwoteje rezidan, biznis, ak byen kominote nou yo kont gwo dlo k ap monte alavni yo. Pwojè Olcott Marina a pral ede pwoteje ak prezève Vil Newfane Marina, Olcott Yacht Club, Hedley Boat Co., McDonough Marine ak plizyè kay prive. Sa a se vrèman yon pwojè transfòmasyon ki pral gen yon enpak pozitif sou jenerasyon k ap vini yo. Mwen apresye koperasyon ak pèsèverans Gouvènè Hochul, Senatè Ortt, Sipèvizè Vil Tim Horanburg ak anpil ofisyèl lokal ak eta ki te fè investisman ekonomik ak touristik enpòtan sa a vin yon reyalite."

Prezidan Lejislati Konte Niagara a, Rebecca Wydysh, te deklare, "Pwojè Olcott Harbour Breakwater a rezime sa pwogram REDI a ye vrèman, paske nou pa senpleman repare domaj inondasyon Lake Ontario a, men nou ap pwofite opòtinite pou bati pou lavni an epi ouvri nouvo posiblite. Rezilta a pral siyifi yon sezon navigasyon ki pi long ak aktivite ekonomik ogmante. Mwen vle salye travay kòlèg mwen an, Lejislatè John Syracuse ak Sipèvizè Newfane Ian Tim Horanburg ki te travay nan tèt ansanm avèk ofisyèl Eta yo pou reyalize Pwojè Miray Pwoteksyon an. Ak pou kontraktè yo ak travayè yo nan kad pwojè sa a, nou te fè yon travay enkwayab."

Sipèvizè Vil Newfane la, Horanburg, te deklare, "Olcott Harbour tesibi yon enpak negatif akòz dlo k ap monte ak aksyon vag vyolan pandan plizyè ane. Inondasyon istorik 2019 la te devaste pò a. Atravè pwogram REDI Eta a nou te finalman kapab konstwi miray pwoteksyon ki esansyèl la, ki enpòtan anpil nan pwoteje rezidan yo ak biznis ki te fè kay yo sou litoral pò a epi pèmèt Olcott Harbour rete yon refij san danje pou navigatè yo. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul pou sipò san fay li nan pwojè miray pwoteksyon an ak pou angajman li anvwè kominote litoral Lake Ontario yo, tankou Vil Newfane."

Nan repons ak chema inondasyon pwolonje nan tout bò rivaj Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence yo, Eta New York te kreye REDI a pou ogmante rezistans kominote sou rivaj

yo epi estimile devlopman ekonomik nan rejyon an. Yo te etabli senk (5) Komite Planifikasyon Rejyonal (Regional Planning Committes) REDI yo, ki gen reprezantan ki soti nan uit (8) Konte (Niagara ak Orleans, Monroe, Wayne, Cayuga ak Oswego, ak Jefferson ak St. Lawrence) pou idantifye priyorite lokal yo, enfrastrikti ki gen risk ak lòt resous yo, ak enkyetid konsènan sekirite piblik la. Atravè REDI a, Eta a te angaje jiska 300 milyon dola a, pou benefisye kominote yo ak amelyore rezistans nan rejyon ki gen tandans sibi inondasyon olon Lake Ontario ak St. Lawrence River yo.

Depi kreyasyon pwogram REDI Eta a nan sezon Prentan 2019 la, 134 pwojè lokal ak rejyonal REDI finanse yo kòmanse, sa ki gen ladan 85 pwojè nan faz konsepsyon, 20 pwojè nan faz konstriksyon ak 29 pwojè ki fini.

Pou w jwenn plis enfòmasyon, pwofil pwojè yo ak nouvèl sou REDI klike [isit la](#).

###

Lòt nouvèl ki disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418